ISSN: 2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 4 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# SÓZINE IYILDI ADAM BALASI (BERDAQ MUZEYI EKSPOZICIYASINAN ORIN ALǴAN «JÁHÁN MAǴAN HÁWES ETIP QARASIN» ZALINDAǴI ULLI TULǴALAR MISALINDA)

**Bekchanova Mehriban Shavkatovna**
Berdaq atındaǵı QMU, Ádebiyattanıw
(Qaraqalpaq ádebiyatı ) qánigeligi 1-kurs magistrantı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.19681016

**Annotaciya.** *Maqalada Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyindegi «Berdaq zalı» ekspoziciyası mısalında qaraqalpaq xalqınıń ruwhıy-ádebiy tariyxında tereń iz qaldırǵan ullı tulǵalar — Xoja Axmet Yassawiy, Murat shayíq hám Qutlıxoja iyshannıń ómiri hám iskerligi haqqında sóz etiledi. Muzey eksponatlarınıń jas áwladtı estetikalıq hám etikalıq jaqtan tárbiyalawdaǵı ornı, sonday-aq "Sózine iyildi adam balası" koncepciyası sheńberinde ruwhıy miyraslardıń mánigilik áhmiyeti ilimiy jaqtan ashıp berilgen.*

**Tayanısh sózler:** *Muzey, Berdaq, Xoja Axmet Yassawiy, Murat shayíq, Qutlıxoja iyshan, sufizm, Qaraqum medresesi, ruwhıy miyras, eksponat, milliy ózlik.*

**Аннотация.** *В статье на примере экспозиции «Зал Бердаха» Государственного музея истории каракалпакской литературы имени Бердаха анализируется жизнь и деятельность великих личностей, оставивших глубокий след в духовно-литературной истории каракалпакского народа — Ходжи Ахмеда Яссави, Мурат шейха и Кутлыходжа ишана. Научно обоснована роль музейных экспонатов в эстетическом и этическом воспитании подрастающего поколения, а также вечное значение духовного наследия в рамках концепции «Склонилось человечество перед его словом».*

**Ключевые слова:** *Музей, Бердах, Ходжа Ахмед Яссави, Мурат шейх, Кутлыходжа ишан, суфизм, медресе Каракум, духовное наследие, экспонат, национальное самосознание.*

**Abstract.** *Based on the "Berdaq Hall" exhibition at the State Museum of the History of Karakalpak Literature named after Berdaq, this article analyzes the lives and activities of prominent figures who left a profound mark on the spiritual and literary history of the Karakalpak people: Khoja Akhmet Yassawi, Murat Shaykh, and Kutlykhoja Ishan. It scientifically explores the role of museum exhibits in the aesthetic and ethical education of the younger generation and highlights the eternal significance of spiritual heritage within the "Humanity Bowed to His Word" concept.*

**Keywords:** *Museum, Berdaq, Khoja Akhmet Yassawi, Murat Shaykh, Kutlykhoja Ishan, Sufism, Karakum Madrasah, spiritual heritage, exhibit, national identity.*

Adamzat tariyxı dawamında jıynalǵan tájiriybe, mádeniyat hám kórkem-óner úlgilerin keleshek áwladqa jetkeriwde muzeyler eń tiykarǵı ruwhıy hám ilimiy oray bolıp esaplanadı.

Muzey tek ǵana áyyemgi buyımlardı saqlaytuǵın orın emes, bálki ótken zaman menen búgingi kúndi baylanıstırıwshı janlı kópir, xalıqtıń milliy ózligin ańlatıwshı hám onıń mádeniy dárejesin kórsetiwshi ayna bolıp tabıladı.

Muzeylerdiń rawajlanıw basqıshları túsindirilgende, olar tek tınısh saqlanatuǵın fondlar emes, al turaqlı hárekettegi ilm-pán hám bilimlendiriw oshaǵı ekenligi málim boladı. Hárbir eksponat artıında pútin bir dáwir, xalıqtıń turmıs tárizi hám onıń intellektual potencialı jasırınǵan.

Bul degenimiz, muzeylerdi úyreniw arqalı biz ótmishtiń sabaqların búgingi kúnniń rawajlanıw strategiyalarına integraciya qılıw imkaniyatına iye bolamız.

Ásirese, búgingi intellektual jámiyet qáliplesip atırǵan dáwirde muzeylerdiń estetikalıq hám etikalıq tárbiyadaǵı ornı teńsizdir. Olar xalqtıń mádeniy yadın (cultural memory) tiklew hám saqlaw, jaslar boyında óz tariyxına bolǵan maqtanısh hám juwapkershilik sezimlerin oyatıw, mámlekettiń xalıqaralıq maydandaǵı mádeniy imijin qáliplestiriw sıyaqlı strategiyalıq wazıypalardı ámelge asıradı.

Sonday-aq, zamanagóy muzey isi tek ǵana eksponatlardı kórsetiw menen sheklenbesten, bálki ilimiy izertlewler orayı sıpatında da qáliplesip barmaqta. Arxeologiyalıq, etnografiyalıq hám kórkem-óner tanıw baǵdarıdaǵı jańa ashılıwlar túp-tiykarınan muzey fondlarındaǵı materiallarǵa súyenedi. Bul bolsa óz gezeginde muzeylerdiń fundamental pánler dizbegindegi ajıralmas buwın ekenligin dáliyleydi.

Joqarıda keltirilgen ilimiy kózqaraslar tikeley biz xızmet júrgizip atırǵan muzeydiń iskerliginde óz tastıyıǵın tabadı. Muzeydiń jámiyetlik-mádeniy turmıstaǵı joqarıdaǵı strategiyalıq wazıypaları dál bizniń muzeyimizdiń baslı maqsetleri menen sáykes keledi.

Muzeydiń tiykarǵı maqseti hám ruwhıy tiregi haqqında belgili akademik M.K. Nurmuxummedovtıń tómendegi baha beriwshi sózlerinde óz kórinisin tapqan: "Pushkin – rus xalqı, Shevchenko – ukrain xalqı, Rustaveli – gruzin xalqı, Nawayı - ózbek xalqı, Maqtımqulı – túrkmen xalqı, Abay – qazaq xalqı ushın qanday
qádirli bolsa, Berdaq ta qaraqalpaq xalqı ushın sonday qádirli. Berdaq – qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń shıńı."

Usı ullı danıshpan shayırımızdıń miyrasın mánigilikke saqlaw maqsetinde 1998-jıl 20-mayda qabıl etilgen Mámleketlik qararǵa muwapıq muzey shólkemlestirildi hám 2002-jıl 1-marttan óz jumısın basladı. 2021-jıldan baslap muzey Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyi sıpatında qayta dúzildi.

Muzey imaratı respublikamızǵa belgili arxitektor O. Tóreniyazovtıń proekti tiykarında úlken bir gúmbez hám kishi altı gúmbezli etip sánli qurılǵan bolıp, xalqımızdıń jazba mádeniy-ádebiy tariyxın tanıtıwshı tiykarǵı oray bolıp tabıladı.

Muzeyimizdiń eń joqarı hám qádirli bólimi — Berdaq zalı bolıp, bul jerde shayırdıń ómiri, dóretiwshiligi, ol jasaǵan dáwirdegi qarapayım xalqtıń tutınıw buyımları, hayal-qızlardıń kiyim hám zergerlik úlgileri, sonday-aq Berdaq shayırǵa deyingi qaraqalpaq xalqınıń tariyxında tereń iz qaldırǵan belgili tulǵalar haqqında maǵlıwmat beriw ushın Xoja Axmet Yassawiy, Murat shayıq, Qutlıxoja iyshannıń portretleride muzeyimizdiń bahalı eksponatları esaplanadı. Durıs, bul insanlardıń ózine tiyisli qandayda bir arxiv hújjetler yamasa olardıń paydalanǵan jeke buyımları muzeyimizde tabılmawı múmkin. Biraq, bul bizler olar haqqında muzeyge kelgen miymanlarǵa maǵlıwmat bermeymiz degeni emes. Sebebi muzey diywallarındaǵı súwretler de muzeydiń áhmiyetli eksponatları esaplanadı hám joqarıda aytılǵan "xalıqtıń milliy ózligin ańlatıwshı ayna" ideyasın janlı túrde dálilleydi.

Xoja Axmet Yassawiy — túrkiy xalıqlardıń ruwhıy dúnyasın bayıtqan, islam dininiń pák hám ádalatlı qaǵıydaların xalıq tili menen júreklerge sińirgen ullı tulǵa. Maqalamızdıń «Sózine iyildi adam balası» dep atalıwı da biykarǵa emes.

Sebebi, Yassawiy tek dástúriy diniy qaǵıydalardı úyretiwshi emes, al adamgershiliktiń eń bálent úlgisin sóz arqalı kórsete bilgen danıshpan.

Sufizm táliymatı sol dáwirdegi sociallıq ádalatsızlıqlarǵa qarsı narazılıq sıpatında qáliplesken, Yassawiy bul jolda tek sózden qural sıpatında paydalandı. Onıń "Hikmetleri" tek diniy qosıqlar emes, al insannıń ishki dúnyasın tásirlewshi, onı pákleniwge shaqırıwshı ruwhıy kúshke iye edi. "Mekkede-Muhammed, Túrkstanda — Xoja Axmet" degen tásirili sózdıń de xalıq arasında jayılıwı, bul zattıń sóziniń qúdireti aldında pútin túrkiy xalqınıń, hátte qúdiretli patshalardıń da bas iygenliginiń dálili bolıp tabıladı.

Ámir Temurday dúnyanı ullı jaxangirdiń Yassawiy qábiri aldında bas iyip, onıń húrmetine úlken maqbara qurǵızıwı — bul tek tariyxıy estelik emes, al ruwhıy qúdiretke, yaǵnıy «ullı sózge» bolǵan húrmet. Bul jerde "sózine iyildi adam balası" degen qatarlar óziniń haqıyqıy mánisin tabadı. Adam balası tek materiallıq kúshke emes, al haqıyqatlıq penen suwǵarılǵan danıshpanlıq sózine tayanadı.

Yassawiy sufizmdi tárki dúnyashılıq dep emes, al sap musılmanshılıq, pák iyman hám bálent etika dep bildi. Ol Quran súrelerin xalıqtıń tili menen túrkiy tilde hikmetlerge aylandırıp, adam balasına hár qanday jaǵdayda da insanlıq qádiriyatların saqlap qalıwdı úyretti. Adam balasınıń onıń sózine iyiliwi — bul onıń sózindegi shınlıqqa, ádalatqa hám pák iymanǵa bolǵan isenim bolıp tabıladı.

Búgingi kúnde de Yassawiy hikmetleri óziniń áhmiyetin joǵaltqan emes. Olar bizge mádeniy-ádebiy miyras bolıp qana qalmastan, ruwhıy rawajlanıw jolındaǵı tiykarǵı derek bolıp xizmet etpekte. Sebebi, aqıl menen aytılǵan, júrekten shıqqan haqıyqıy sóz — hár qanday dáwirde de adam balasın ózine iydiriwge iyi kózge kórinbeytuǵın kúsh esaplanadı.

Xoja Axmet Yassawiydiń ruwhıy sabaqları hám onıń sufizm táliymatındaǵı dástúrleri ásirler asıp, qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy tulǵaları hám ruwhıy jetekshileriniń iskerliginde jańasha mazmun menen dawam etti. Solardıń biri — óz dáwiriniń ilimli, bilimli hám kárámatlı tulǵası, xalqınıń azatlıǵı hám tınıshlıǵı jolında jan kewisken Murat shayıq Áziz Baba (1675-1748) bolıp tabıladı.

Maqalamızdıń "Sózine iyildi adam balası" degen ataması Murat shayıqqa da tikkeley tiyisli. Sebebi, ol tek ǵana diniy jetekshi emes, bálki XVIII ásirdegi qaraqalpaq xalqınıń siyasiy hám sociallıq taǵdirin belgilegen, dawlı máselelerdi bir awız sóz benen sheshken katquda biylerdıń biri boldı. 1740-jılları Sır boyın mákanlaǵan jetı ruwlı qaraqalpaq eliniń basında turıp, xalqınıń keleshegi ushın strategiyalıq qararlar qabılladı.

Murat shayıqtıń sózindegi shınlıq hám onıń kórgenliligi 1742-jılı Orenburgte D. Gladıshevtiń aldında 30 mıń úyli qaraqalpaqlar atınan Rossiya puqaralıǵın qabıllaw ushın ant ishiwinde hám elshilik qatnasıqların ornatıwında ayqın kórinedi. Onıń bul xızmetleri imperator sarayı tárepinen múnásip bahalanıp, "tarxan" ataǵı beriliwi — bul onıń tek qaraqalpaqlar arasında emes, bálki xalıqaralıq maydanda da sóziniń ótimli bolǵanlıǵınıń dálili. "Sózine iyildi adam balası" degenimiz, Mine, usınday haqıyqatlıq hám danıshpanlıq aldındaǵı húrmet bolıp tabıladı.

Tariyxtıń qattı boranlarında xalıq "joqarı" hám "tómen" bolıp ekige bólingen qıyın dáwirlerde, Murat shayıq "tómen qaraqalpaqlar" dep atalǵan bólimdi baslap, házirgi Qaraózektegi "Nurım túbek" etegine kelip qonıs bastı. Onıń bul qádemi xalqınıń bası qosılıwına hám eliniń tınıshlıǵına xizmet etti.

T. Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı» shıǵarmasında Mamanbiydiń ustazı sıpatında súwretleniwi de onıń ruwhıy tárbiyashı hám karamatlı tulǵa bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı.

Xoja Axmet Yassawiydiń hikmetlerinen baslanǵan ruwhıy pákleniw ideyaları hám Murat shayíqtıń xalıqtı birlikke, elshilikke baslaǵan siyasiy kóz-qarasları XIX ásirge kelip Qutlıxoja iyshan Ázizberdi shayíq ulı (Qaraqum iyshan) menen joqarı shıńına ulastı. Qutlıxoja iyshan — tek diniy jetekshi emes, bálki Buxara hám Úrgenshtegi Muhammad Sháriyf iyshan al-Xorezmiydan tasawwıf (sufizm) ilimin tereń iyelep, onı qaraqalpaq dalasında ilim-pán hám mádeniyat nurına aylandırǵan ullı aǵartıwshı bolıp tabıladı.

Maqalamızdıń "Sózine iyildi adam balası" degen ataması Qutlıxoja iyshannıń ómir jolına júdá tásirli sáykes keledi. Ol qurǵan Qaraqum meshit-medresesi óz dáwiriniń haqıyqıy "universiteti" wazıypasın atqardı.

Bul ilim ordası tek qaraqalpaqlar ushın emes, bálki qońsılas ózbek, qazaq hám túrkmen xalıqlarınıń perzentleri de kelip sawat ashqan, Naqshbandiya tariqatınıń suwpılıq tálimatın úyrengen úlken xalıqaralıq ruwhıy orayǵa aylandı. Onıń sóziniń ótimliligi hám ilimiy dárejesi sonday joqarı boldı, hátte Xiywa xanlarınıń arxiv hújjetlerinde (Bregel miynetlerinde keltirilgenindey) onıń atı húrmet penen tilge alındı.

Eń áhmiyetlisi, qaraqalpaq klassıkalıq ádebiyatınıń eń ullı wákilleri bolǵan — Kúnxoja Ibrayım ulı hám Berdaq Ǵarǵabay ulı dál usı Qaraqum medresesinde tálim alıp, onıń ruwhıy tárbiyasın kórdi. Búgin biz "Sózine iyildi adam balası" degenimizde, dál usı Berdaqtay danıshpanlarǵa baǵıt bergen, olardıń talantın suwǵarǵan Qutlıxoja iyshannıń hikmetli sózlerin hám aǵartıwshılıq kúshin de názerde tutamız.

Insanyat tariyxında hár qanday materiallıq baylıq waqıt boranlarında joǵalıp ketiwi múmkin, biraq júrekten shıqqan, haqıyqatlıq penen suwǵarılǵan sóz máńgi jasaydı. Maqalamızdıń ózeǧi bolǵan "Sózine iyildi adam balası" degen qatar — biziń tariyxıy tulǵalarımızdıń tek qaraqalpaq xalqı emes, bálki pútkil adamzat ruwhıyatı aldındaǵı mánigilik húrmetiniń dálili bolıp tabıladı.

Xoja Axmet Yassawiydiń hikmetli sózi, Murat shayıqtıń diplomatiyalıq kórgenliligi hám Qutlıxoja iyshannıń aǵartıwshılıq nurları bir-birine úzilmeytuǵın ruwhıy baylanıs sıpatında ulasıp, Berdaqtay ullı danıshpanlardıń dástúrine tayanısh boldı. Bul úsh tulǵa — biziń milliy ózligimizdiń tayanıshı, olar aytqan hám ámelge asırǵan hár bir is búgingi kúnde biziń maqtanıshımızǵa aylanǵan.

Búgingi kúnde Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyi dál usı máńgi sózdiń, pák iymannıń hám tariyxıy yadtıń mánigilik imaratı bolıp xızmet etpekte. Muzey — bul tek eksponatlar toplamı emes, bálki Yassawiy, Murat shayíq hám Qutlıxoja iyshanday ullı danıshpanlardıń ruwhıy hawazı janlanatuǵın muqaddes mákan. Bul jerdegi hár bir eksponat tamashagóyge "Sózine iyildi adam balası" degen haqıyqattıń materiallıq hám ruwhıy tastıyıǵın kórsetedi.

Juwmaqlap aytqanda, biz tariyxıy tulǵalarımızdıń miyrasın úyreniw hám onı muzey arqalı keleshekke jetkeriw arqalı óz ruwhıy keleshegimizdi quramız. Sebebi, millettiń ruwhıyatı — onıń mádeniy yadında, al bul yadtıń eń pák hám qúdiretli kórinisi — biziń muzeyimizdiń tórinen orın alǵan sol "ullı sóz" bolıp qala beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**

1. **Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararı.** "Berdaq (Berdimurat Ǵarǵabay ulı) tuwılǵanlıǵınıń 170 jıllıǵın bayramlaw haqqında", 1998-jıl 20-may, №220-son.
2. **Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararı.** "Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyin shólkemlestiriw haqqında", 2021-jıl 13-aprel, №206-son.
3. **Nurmuxummedov M.K.** "Berdaq — qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń shıńı". — Nókis: Qaraqalpaqstan, 1977.
4. **Qayıpbergenov T.** "Qaraqalpaq dástanı". (Trilogiya). — Nókis: Bilim, 2010.
5. **Брегель Ю.Э.** "Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков". — Москва: Наука, 1967.
6. **Xoja Axmet Yassawiy.** "Hikmetler". — Tashkent: G'afur G'ulom nomidagi adabiyot va san'at nashriyoti, 1991.
7. **Allambergenov K.** "Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı" (XIX-XX ásirler). — Nókis: Bilim, 2015.
8. **Mámbetov K.** "Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı". — Nókis: Qaraqalpaqstan, 1993.
9. **Идирисов А.** "Қарақум ийшанлары тарийхы" — Nókis: Qaraqalpaqstan, 2023